



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 6 out 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK SOUMÈT YON EGZANPSYON FEDERAL POU ENVESTI \$10 MILYA DOLA NAN EKONOMI LAJAN EKIP RESTRIKTIRASYON MEDICAID REYALIZE POU FÈ CHANJMAN NAN SISTÈM SANTE ETA A

Egzanpsyon Federal la Pral Pèmèt New York Egzekite Plan Aksyon MRT a Okonplè

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York soumèt yon egzansyon federal pou pèmèt eta a envesti apeprè \$10 milya dola nan ekonomi lajan ki reyalize nan refòm Ekip Restriktirasyon Medicaid (MRT) pou egzekite yon plan aksyon pou fè chanjman nan sistèm swen sante eta a.

Egzansyon 1115 pou Medicaid pral pèmèt New York egzekite plan aksyon MRT a okonplè, fasilite inovasyon, ak bese frè pou swen sante pou lontan. Aplikasyon pou egzansyon Eta New York soumèt jodi a mande pou gouvènman federal la pèmèt eta a re-envesti sou yon peryòd senkan apeprè \$10 milya dola nan \$17.1 milya dola nan ekonomi lajan federal yo te reyalize avèk refòm MRT.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Refòm Ekip Restriktirasyon Medicaid mete anplas la deja fasilite gwo ekonomi lajan ki fèt pou kontribiyab yo ak pi bon kalite swen sante pou Nouyòkè yo. Amanman pou egzansyon sa a pral pèmèt Eta New York aplike nouvo plan aksyon MRT pou restriktire sistèm swen sante nou an nèt epi pou kontinye fè New York vin yon modèl nasyonal.”

Pwojè MRT pwopoze yo – epi ki te jwenn apwobasyon Lejislati a ane pase – te pèmèt gen gwo investisman pou kontribiyab eta a ak kontribiyab federal yo. Yo prevwa pwojè MRT yo pral ekonomize \$34,3 milya dola sou pwochen senk (5) ane yo- k ap separe ant gouvènman eta a ak gouvènman federal la. San pwojè MRT yo, depans eta a ta ogmante a \$2,3 milya dola nan ane fiskal 2011-12 la sèlman.

Objektif prensipal amanman egzansyon an annamoni avèk Objektif Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) ki gen twa pati ladan: pi bon sante, pi bon swen sante, ak pi piti frè pou peye. New York ap itilize lajan federal ki fèt nan ekonomi MRT pou re-envesti nan sistèm swen sante eta a.

Estrateji enpòtan ki prezante nan dokiman amanman egzansyon an gen ladan:

Haitian Creole

- Gwo investisman pou bay plis fason pou jwenn premye swen ki gen kalite siperyè
- Sibvansyon pou kreye Health Homes pou amelyore kalite swen an pou pasyan ki nan plis bezwen/k ap peye pi gwo frè yo
- Ogmantasyon resous ki disponib pou fè chanjman ak pwoteje founisè rezonab ak sekirite a
- Oryantasyon ak preparasyon founisè swen sante yo ak konsomatè yo pou mete swen alontèm nan swen kontwole
- Inovasyon nan estrateji sante piblik k ap kreye gwo ekonomi lajan nan Medicaid pandan lontan
- Fòmasyon ak sipò pou asire New York gen kantite travayè li bezwen pou devlope lè y ap aplike refòm nasyonal swen sante a
- Evalyasyon apwofondi ak serye nan nouvo pwojè MRT ak nan pwojè ki nan faz egzekisyon pou asire investisman rezonab kontribisyon kontribiyab yo epi pou amelyore rezilta pasyan yo
- Estrateji k ap redui re-admisyon nan lopital ak ede pwoteje pasyan yo pou yo pa malad pandan tan yo pase nan lopital

Nan pwosesis aplikasyon amannman dapre egzanpsyon an, epi annakò avèk CMS prezante yo, New York pral fè yon efò san pran souf pou angajman piblik. Sitwayen ak moun ki konsène ki patisipe nan fowòm piblik yo, webinè ki espesifik pou sijè a, ak manm gwoup diskisyon Medicaid. Pwosesis la te gen ladan tou yon zouti sondaj, ki te pèmèt piblik la ak moun ki konsène yo soumèt lide ak kòmantè ki te bay enfòmasyon sou aplikasyon pou amannman egzanpsyon an.

Plis enfòmasyon ak yon kopi aplikasyon pou amannman egzanpsyon disponib nan sitwèb: http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/.

Reprezantan Etazini, Brian Higgins di konsa, “Investisman nan enfrastrikti Swen Sante nan Western New York nan avantaj swen pasyan ak ekonomi rejyon an. Egzanpsyon sa a ap prevwa pwogrè k ap kontinye fèt pou amelyore sistèm distribisyon swen sante nou an, epitou pou kreye yon pi bon rezonab swen sante pou rejyon nou ak pin lwen.”

Reprezantan Peter King di konsa, “Amannman egzanpsyon an bay yon posiblite enpòtan pou New York modènize ak ranfòse sistèm swen sante li. Mwen fyè pou travay avèk Gouvènè Cuomo epi pou vin alatè nivo federal la pou asire yo apwouve aplikasyon an byen vit.”

Reprezantan Etazini, Eliot Engel, di konsa, “Re-estiman ekonomi lajan eta nou an pou amelyore pwogram Medicaid kapab sèlman ede Nouyòkè yo. Olye Medicaid depans yon \$2,3 milya dola, nan ane fiskal 2011-12 la, pwogram pou ekonomize lajan prevwa y ap ekonomize apeprè \$34 milya dola sou pwochen senk (5) ane yo, ki dwe separe ant gouvènman eta a ak gouvènman federal la. Lè nou mete lajan sa a travay ankò isit la nan New York sa ap ede kenbe Nouyòkè yo pi an sante.”

Enfòmasyon sou Ekip pou Re-òganize Medicaid:

Gouvènè Cuomo te kreye MRT an janyve 2011. MRT te reyini moun ki enterese ak espè ki sòti toupatou nan eta a pou travay nan tèt ansanm pou fè refòm nan sistèm swen sante Eta New York, epi pou bese pri yo. Nan mwa janvyè ak fevriye 2011, MRT te òganize yon seri reyinyon piblik nan Eta a, pou bay Nouyòkè yo posiblite enpòtan pou yo fè konnen lide ak kòmantè yo. Reyinyon yo te difize sou Entènèt, epi yo te afiche dokiman ki bay anpil enfòmasyon sou paj wèb MRT. Antou, MRT te resevwa plis pase 4.000 lide sitwayen yo ak moun ki enterese yo.

MRT te travay an de (2) faz. Faz 1 te bay yon pwojè pou diminye depans Medicaid yo a \$2,3 milya dola nan ane fiskal 2011-12 Eta a. Faz 1 an te fini nan mwa fevriye 2011 lè MRT te soumèt yon premye rapò ki satisfè objektif Gouvènè a pou depans Medicaid ki nan bidjè 2011-2012 li a. Rapò a te gen ladan 79 rekòmandasyon pou chanje ak restriktire pwogram Medicaid lè li pote efikasite, ak lè li kreye pi bon rezilta swen sante pou malad yo. Nan pwosesis bidjè a, Lejislati a te apwouve 78 sou 79 rekòmandasyon li te konsidere yo; pwojè sa yo nan faz egzekisyon pou kounye a.

Nan Faz 2 a, pou rezoud lòt pwoblèm yo, epi pou kontwole egzekisyon rekòmandasyon enpòtan ki pibliye nan Faz 1 a, MRT te separe an 10 gwoup travay. Nan travay yo, gwoup yo te bay posiblite pou 175 lòt moun ki enterese pou yo patisipe nan pwosesis MRT. Yon kantite odyans piblik te òganize nan eta a. Apre sesyon sa yo, yo te rasanble rekòmandasyon MRT yo, epi yo te mete yo nan yon rapò final. Rapò a disponib nan http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/docs/mrtfinalreport.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418